**Фонд оценочного материала по предмету «Чеченский язык»**
**4 класс.**
**Хаарш талларан болх «Ч1ег1ардиг»**

Ч1ег1ардиг аьхкенан олхазар ду. Бовхачу махкахь 1а а даьккхина йухадеача, шен стохкалерчу бена чу даха хуу иза. Цунна дика йевза ша даьхна меттигаш. Шен бен бохийна карийча, поппар а кхоьхьуш, и йуха табо цо. Цуьнан бен адамаш дехачу меттигна гергахь хуьлу. Адамаш деха меттиг маьрша хетта цунна.

**Т1едиллар:**

1) Хьалхара предложенийн «аьхкенан» дешан билгалбаккха дешан х1оттам.
2) Хьалхарчу предложенин коьрта меженаш билгалйаха.

**Хьалхарчу чийрикан жам1даран талламан болх «Лар толу ж1аьла»**
**«Къамелан дакъош» темина**

**Лар толу ж1аьла**

Сан вашас Х1арона к1еза деара. Оха цунна ц1е тиллираТарзанаьлла. Соьца гуттар а ловзуш хуьлура к1еза. Хи т1е лийча со воьдуш хилча, т1аьхьах1уттара иза.
Д1аоьхура хан. Тарзан доккха хилира. Цуьнан лергаш ира , дог1аделла дара. Иза лар толу ж1аьла хиллера. Х1арона кест-кеста хьунхахь талла дуьгура Тарзан. Х1инца, доккха а хилла, соьца к1езиг ловзу иза.

**Т1едиллар:**

1) Билгалдаха къамелан дакъош хьалхарчу предложенехь.
2) Дешдакъошца декъа дешнаш: *цунна, доккха, т1аьхьах1уттура*

**Талламан диктант 2 чийрикан**
**«Доттаг1алла», «Ц1ердешнийн легарш» темина лерина**

## Доттаг1алла

Доттаг1 воцуш стаг мегар вац. Доттаг1 воцу стаг, т1ам боцу олхазар санна ву. Доттаг1чунна тешаме хила веза. Доттаг1алла даггара лело деза. Доттаг1чух дагаволуш хила веза. Доттаг1чунна т1е хало йеана меттиг а 1оттайелла доттаг1 дешарна т1аьхьависча, цунна г1о дан деза. Иштта хилчий бен хьох бакъволу доттаг1 а хир вац.

**Т1едиллар:**

1) Йоьалг1а предложени къамелан дакъошца талла.
2) Цхьаорам болу дешнаш билгалдахий, т1ехула дожарш х1иттаде.

**Талламан диктант 3 чийрикан**
**«Воккха стаг». «Ц1ерметдош» темина лерина**

## Воккха стаг

Х1ора 1уьйранна вог1ура воккха стаг акхаройх а, олхазарех а дерш 1амочу ц1а чу. Мунданаш тойеш йа керланаш йеш хуьлура иза цу чохь. Оцу 1уьйранна а ша йан йолийначу акккхачу бедан мунда, хьаькхна, шардеш кечдинчу жимачу уьн т1ехь д1а а ч1аг1йина, ша йаржийна нехаш, нуй хьаькхна, гул а йина, тускар чу тийсира цо.

Т1едиллар:

1) Хьалхара предложени коьрта меженашца талла.
2) Массо предложенийн йукъара ц1ерметдешнаш билгалдаха.

**Жам1 даран талламан болх «Ч1ерий дохуш»**

Со сайн доттаг1чуьнца ч1ерий дахавахара. Хи тийна лаьттачу айми чу тесира оха м1ерий. Сан м1ера т1е боккха ч1ара летча санна хетаделира суна. Суна моттадаларехь, пхьаьрссал боккха хир бара иза. Ас доггах схьаозийра м1ара. Амма иза соьга схьа ца баккхабелира. Соьца цхьаьна м1ара схьаозийра сан доттаг1чо а. Халла схьабаьккхира охашимма цхьаьна сан м1ара. Д1ахьаьжча, тиша, йоккха кало хиллера м1ерах тасайелла.

Т1едиллар

1.Шолг1а предложени меженашца талла.

2.Къамелан дакъош билгалде оцу предложенехь.